



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SOUTH FORK WIND FRANCHI GWO ETAP POU ENSTALASYON BAZ BÒ KOT LA NAN PREMÈ FÈM EWOLYEN BÒ KOT NEW YORK LA

South Fork Wind reyalize premè pak ewolyen bò kot Eta a "Asye nan dlo (Steel in the Water)" avèk enstalasyon baz pou sou-estasyon bò kot ki konstui Etazini an

Gwo etap pou premè fèm ewolyen bò kot New York la, sou pwèn pou vin premè pwojè ewolyen bò kot pou sèvis piblik ki acheve nan dlo federal yo

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou devlope omwen 9,000 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kot disi 2035

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke premè fèm ewolyen bò kot, South Fork Wind New York la, te franchi etap enpòtan "asye nan dlo (steel in the water)" a ak enstalasyon premè baz monopye pwojè a. Nan jou k ap vini yo, South Fork Wind ap enstale sou-estasyon bò kot ki konstui Etazini pwojè a. Pwojè a rete sou pis pou vin premè fèm ewolyen bò kot pou itilite piblik Amerik la k ap acheve nan dlo federal yo lè li kòmanse operasyon yo nan fen ane sa epi l ap soutni objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act) pou devlope omwen 9,000 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kot yo disi 2035.

"New York se lidè nan devlopman enèji ewolyen bò kot epi l ap konstui yon ekonomi vè k ap soutni plizyè santèn djòb ki byen peye epi k ap benefisye jenerasyon k ap vini yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogrè sa pou konstui premè pwojè enèji ewolyen bò kot a gran echèl la nan peyi a simante New York antanke yon sant nasyonal pou sektè enèji ewolyen bò kot la."

Lè li fini, fèm ewolyèn nan ap jenere ase enèji renouvlab pou alimante apeprè 70,000 kay New York, ki reponn ak objektif anbisye Lwa Klimatik la, pandan l ap elimine jiska sis milyon tòn emisyon kabòn, oswa ekivalan si w retire 60,000 machin sou wout la chak ane sou yon peryòd 25 an. Plizyè santèn travayè Ameriken ak twa pò nan Nòdès la ap sipòte konstriksyon South Fork Wind la jiska fen otòn nan k ap ede mete sou plas yon nouvo chèn apwovizyonman nasyonal k ap kreye plizyè santèn jdòb sendika lokal nan Nòdès la.

South Fork Wind ke Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA) te premye apwouve nan 2017, te seleksyone nan yon apèl dòf an 2015 pou pwopozisyon ki abòde bezwen enèji k ap ogmante nan pwent lès Long Island.

PDG Otorite Elektrik Long Island lan, Tom Falcone te deklare, "Jodi a make yon etap enpòtan nan pakou vè enèji pwòp New York ak pou angajman LIPA pou asire yon avni ki dirab epi rezistan pou konsomatè nou yo. Ane pou reyalize etap enpòtan pwojè sa vle di ke efò nou yo ap transfòme de vizyon an reyalyte. Nou fyè pou fè pati pwojè istorik sa epi l ap kontinye oryante epi inovè nan pouswit nou pou yon avni ki dirab pou Long Island ak nan Rockaways."

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Lè nou mete asye nan dlo pou premye pwojè ewolyen bò kot New York la, sa se yon etap enpòtan nan devlopman nouvo endistri sa, ki se yon sèl nan yon jenerasyon nan Etazini, epi sa reprezante pwogrès ki enpòtan ke New York ap fè sou lidèchip Gouvènè Hochul pou fè sistèm elektrik nou an fè tranzisyon nan enèji renouvlab ki pwòp, epi fyab. Pwojè South Fork Wind lan modle kijan angajman kominotè, patenarya prive-piblik ki solid, ak fòs travay la ka asire ke pwojè yo avanse nan yon fason ki abouti sou benefis ekonomik ki enpòtan pou eta nou an pandan l ap ede pave wout pou yon avni ki pi sen, pi rezistan."

Komisè Depatman pou Prezèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "New York ap fè enèji ewolyen bò kot la avanse sou lidèchip Gouvènè Hochul pou ede reponn a bezwen enèji eta nou an epi pou ede eta a fè tranzisyon vè yon avni ki pi pwòp nan kad ajenda klimatik ki se lidè nan peyi nou an. Pwojè South Fork Wind lan se yon pwojè istorik epi ki pote transfòmasyon k ap ede nan egzijans pou diminye gaz efè sèr agresif yo pandan l ap ogmante sous enèji renouvlab yo epi konbat chanjman klimatik la."

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou devlope apwovizyonman enèji pwòp ke Eta New York bezwen yo. Fèm ewolyen sa jwe yon wòl kle nan apwovizyonman enèji pwòp ki tèmman nesès nan Long Island epi l ap ede New York atenn prensipal objektif enèji renouvlab li nan peyi a."

Vis Prezidan Egzekitif Gwoup ak PDG Americas at Ørsted, David Hardy te deklare, "South Fork Wind franchi yon pa jeyan pou reponn ak misyon nou pou bay enèji renouvlab ewolyen nan kot Pwent Lwès Long Island. Pandan n ap atenn yon etap enpòtan ki te pran apeprè yon deseni pou reyalize, n ap reflekte imaj tout moun ki te defann pwojè sa nan kominote East Hampton yo, ak lòt kote. Lidèchip odasye administrasyon Biden-Harris ak Hochul yo ap mete New York ak peyi a sou wout pou yon avni ki pi ekolojik. Gras ak entelijans Amerikèn nan, South Fork Wind ap lanse yon nouvo motè djòb nan Etazini epi atake chanjman klimatik la anfas."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Eversource Energy, Joe Nolan, te deklare, "Jodi a make yon gwo etap pou South Fork Wind, ak endistri ewolyen bò kot Etazini an ann antye, pandan n ap antre nan faz final pwojè yo. South Fork Wind sou pwèn pou vin premye fèm ewolyen nan kot a gran echèl nan dlo federal yo epi l ap livre ase enèji renouvlab pwòp pou alimante apeprè 70,000 kay nan pa lontan. Nou rekonesan pou administrasyon Biden-Harris ak Hochul yo ansanm ak anpil sipòtè lokal ak nan eta a, ke pwojè ki enpòtan anpil sa pa t ap posib san yo."

Avèk etap enpòtan ki franchi jodi a, South Fork Wind antre nan faz enstalasyon tibin ewolyen li yo ofisyèlman, peryòd konstriksyon final pou pwojè 12 tibin, 130 megawat la. South Fork Wind [te lanse](#) nan 2022, ki antame avèk sistèm kabla ekspòtasyon sou tè a. Pwojè se youn nan senk pwojè enèji ewolyen bò kot ki nan devlopman aktif nan Eta New York, ki se pi gwo pòtfèy nan nasyon an. Pòtfolyo aktyèl sa a totalize plis pase 4,300 megawat epi li pral alimante plis pase 2.4 milyon kay New York, epi li prevwa pote yon enpak ekonomik konbine ki evalue a 12.1 milya dola nan eta a. Yo prevwa pwojè yo tou pral kreye plis pase 6,800 djòb nan devlopman pwojè, fabrikasyon eleman, enstalasyon, ak operasyon ak antretyen. Atenn objektif 9,000 megawat Eta a dis 2035 ap jenere ase enèji ewolyen bò kot pou alimante apeprè 30 pousan bezwen elektrisite Eta New York, ki ekivalan a prèske 6 milyon kay nan Eta New York, epi favorize apeprè 10,000 djòb.

Manm sendika lokal New York yo, ki enkli fewonye, batonye, plonjè, enjenyè eksplwatasyon, elektrisyen, manèv ak lòt manm metye konstriksyon rejyon an ap soutni travay bò kot la. Ørsted ak Eversource te siyen an 2022 [Akò sou Enèji Ewolyen Nasyonal la \(National Offshore Wind Agreement NAWO\) avèk Sendika Metye Konstriksyon yo](#), òganizasyon travay ki reprezante plis pase twa milyon atizan kalifye. Patenarya a genyen ladan 15 Prezidan Sendika Entènasyonal ak afilye lokal yo epi li tabli prensip pou kondisyon travay ak ekite, enjekte plizyè santèn milyon dola nan salè klas mwayèn nan, nan ekonomi Ameriken an, kreye staj ak opòtinite karyè pou kominote ki pi afekte pa enjistis anviwònmantral la, epi asire ke pwojè yo ap konstui ak travayè ki pi si epi ki pi byen fòm nan Amerik la. Akò sou Enèji Ewolyen Nasyonal la (NOWA) kouvri tout kontraktyèl ak sou soutretan Ørsted yo ki pral travay nan konstriksyon fèm ewolyen bò kot la.

Pandan peryòd konstriksyon South Fork Wind la nan sezon ete ak otòn sa nan sit pwojè a sou apeprè 56 kilomèt nan lès Montauk, N.Y., gen baj konstriksyon ak transpò, remòkè, navi ekipaj, ak obsèvatè espesyal pwoteje k ap kontwole navi yo k ap aktif nan sit konstriksyon sou kot la. Gen operatè navi ak gri yo, kapitèn ak ekipaj bato, enjenyè, soudè, syantifik, obsèvatè espès pwoteje ak plizyè douzèn lòt moun ki enplike nan operasyon sa. Klike [isit la](#) pou aprann plis sou kijan fèm ewolyen bò kot yo konstui.

Yon [navi enstalasyon bò kot](#), *Bokalift 2* Boskalis, is ap transpòte epi enstale fondasyon yo. South Fork Wind genyen [premye sou-estasyon ewolyen bò kot ki konstui Etazini](#). Plis pase 350 travayè Ameriken nan twa eta sipòtè konstriksyon sou-estasyon South Fork Wind sa, yon estrikti siperyè k ap kolekte enèji tibin ewolyen yo pwodui yo epi konekte yo ak rezo a. Travayè sendika New York yo te sipòtè enstalasyon li sou kot la.

Y ap transpòte pyès [avanse pou fondasyon an, ke travayè sendika yo konstui yo](#), sou sit la pou enstalasyon. Finalman, y ap enstale tibin ewolyen fèm ewolyen Siemens-Gamesa 11-megawat la.

Lè li fonksyone, South Fork Wind ap soutni premye [Navi Operasyon pou Sèvis](#) bò kot Amerik la, ansanm ak [bato transfè ekipaj](#) ki konstui nan peyi Etazini.

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Li klè ke enèji ewolyen bò kot fè pati entegral avni enèji pwòp peyi nou an, epi mwen fyè ke Konte Suffolk nan ban devan endistri sa ak fòs. Enstalasyon premye fondasyon tibin sa ak sou-estasyon ewolyen bò kot la se yon gwo etap pou ede konstui yon avni ki pi ekolojik pou New York. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye trase wout pou yon mond ki pi ekolojik pou jenerasyon k ap vini yo."

Sipèvizè Vil East Hampton, Peter Van Scoyoc, te deklare, "Ane sa Vil East Hampton ap selebre 375yèm anivèsè li. Nou fyè de istwa pase nou e nou fyè nan wòl n ap jwe pou fè listwa, lè nou se kominote ki akeyi premye fèm ewolyen nan kot New York. Dènye etap enpòtan nan konstriksyon sa mete pwojè enpòtan sa a yon lòt etap pi pre pou founi 70,000 kay ki gen enèji renouvlab pwòp epi ede nou diminye koz chanjman klimatik la pi plis."

Direktè New York Offshore Wind Alliance, Fred Zalcman, te deklare, "Enstalasyon premye eleman enèji ewolyen bò kot pou sèvi Eta New York la se akimilasyon plizyè ane efò lidè sivik yo, ofisyè eta ak federal yo, manèv, ak sektè prive a. South Fork Wind Farm pozisyonè kòm yon prèv konsèp benefis anviwònmanal, ekonomik ak sosyal ki enpòtan resous sa, epi jenerasyon alavni yo ap gade dèyè sou evènman monimantal sa epi remèsye moun ki responsab Fèm South Fork Wind yo pou pèsèverans, kreyativite, ak vizyon yo pou fè pwojè kreyatif sa pote fui."

Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (League of Conservation Voters) New York la, Julie Tighe, te deklare, "Sa pasyonan pou se temwen plan k ap transfòme an aksyon pandan Pwojè South Fork Wind lan ap poze premye asye li nan dlo a, k ap make yon etap enpòtan ki pasyonan nan pakou New York pou rann rezo a pi ekolojik. Lig Elektè Konsèvatè New York la felisite Gouvènè Hochul pou angajman inebnanlab li pou goumen kont chanjman klimatik la epi paske li fè aksyon ki odasye pou asire ke New York se yon lidè nan pwodiksyon enèji ewolyen bò kot. Nou felisite South Fork Wind pou pwogrè enpòtan sa epi dèske yo akselere arive avni enèji pwòp New York la."

Direktris Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwonman (Citizens Campaign for the Environment), Adrienne Esposito, te deklare, "Jodi a n ap selebre yon viktwa desizif nan konba New York pou yon avni enèji pwòp. Aprè apeprè de deseni nan travay pou fè enèji ewolyen bò kot la vin yon reyalyte, sa se yon rezon pou selebrasyon. Sa se moman nou kòmanse brize adiksyon nou ak gaz fosil yo epi fè tranzisyon vè enèji renouvlab. Fèm ewolyen bò kot sa se premye nan anpil k ap pèmèt nou rive nan elekrisite ki net an kabòn dis 2040 ak yon ekonomi ki net an kabòn dis 2050. Se te yon

konba ki long, men se youn ke n ap kontinye pou nou ka genyen lè ki pi pwòp, konbat chanjman klimatik la epi sipòte kominote ki pi sen. Avni enèji ewolyen bò kot New York la kòmanse kounye a!"

Prezidan Federasyon Mendèv Long Island (Long Island Federation of Labor) John R. Durso, te deklare, "Kòmansman konstriksyon pwojè ewolyen bò kot South Fork se yon reyalizasyon istorik pou Eta New York ak Long Island. Sendika nou an konnen twò byen demann ki genyen sou moun k ap travay yo akòz katastwòf natirèl ki rive pi souvan akòz kriz klimatik la ke nou tout fòse andire. Apre plizyè ane planifikasyon ak defans, rejyon sa ap konstui premye fèm ewolyen bò kot New York k ap adrese kriz la fas-a-fas. Devlopman travay ki sendike, epi ekolojik nan pwosesis la ap ranfòse kominote nou an epi ofri karyè ki dire lontan pou yon nouvell jenerasyon travayè."

Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon (Building and Construction Trades Council) Konte Nassau ak Suffolk la, Matthew Aracich, te deklare, "Mwen ekstrèman kontan epi fyè pou wè premye estrikti an asye ki konstui bò rivaj. Se vrèman yon reyalizasyon konsiderab k ap ede nou diminye emisyon yo pou Long Island. Tibin sa yo reprezante premye fèm ewolyen a gran echèl n ap konstui sou rivaj, epi yo reprezante yon gwo pa an avan nan devlopman mendèv la. Anplis, mwen ta renmen remèsye atizan fanm ak gazon kalifye k ap travay di k ap konstui tibin sa yo toulejou."

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)